

# EEC Essentials 2.0 Kesyon yo Poze Souvan

## Sa ki nan Dokiman sa a

|  |   |
|--|---|
| Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart (LMS) ak Kesyon Teknik yo ..... | 1 |
| Fòmasyon – Patisipan Obligatwa yo.....                               | 4 |
| Kesyon sou Politik Fòmasyon an .....                                 | 6 |
| Kesyon sou Kontni Fòmasyon an.....                                   | 7 |
| Siveyans ak Konfòmite .....  | 8 |

## Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart (LMS) ak Kesyon Teknik yo

### K. Ki kote EEC Essentials 2.0 yo ye?

EEC Essentials yo loje nan **Sistèm Devlopman Pwofesyonèl sou Entènèt StrongStart EEC (SSPDS)**, ki se yon Sistèm Jesyon Aprantisaj sou entènèt (LMS) pou edikatè ti anfans yo. LMS la ki ofri ak swiv kou EEC, ki gen ladan kou selon rit ou tankou kou EEC Essentials 2.0 yo, ansanm ak kou enstriktè-dirije yo.

### K. Kisa yon Sistèm Jesyon Aprantisaj (LMS) ye?

Sistèm Jesyon Aprantisaj yo itilize pou delivre, swiv ak rapòte aktivite fòmasyon sou entènèt. Fòmasyon an ka oto-dirije, fasilite pa yon enstriktè oswa yon konbinezon toulede.

Kou obligatwa *EEC Essentials* yo tout oto-dirije.

### K. Kijan pou mwen enskri pou yon kont epi konekte nan sistèm lan?

Men etap yo pou ou aksede a sistèm lan epi kreye kont ou:

- Ale nan URL la: <https://strongstart.eoe.mass.gov>
- Klike sou bouton **Login (Koneksyon)** an nan kwen gòch anwo a pou kreye kont ou
  - Klike sou Accept Release Statement (Aksepte Deklarasyon Divilgasyon an)
  - Complete the registration process (Konplete pwosesis enskripsyon an)

### K. Kijan pou mwen enskri nan yon kou pwòp ritm mwen?

Men ki jan pou enskri nan fòmasyon a pwòp ritm ou (kou a pwòp ritm ou an pral gen yon ikòn monitè òdinatè anwo tit kou a):

1. Louvri **Course Catalog (Katalòg Kou)** a nan StrongStart apati de meni navigasyon gòch la
2. Chwazi tit kou ou vle pran an
3. Chwazi **Get Item (Pran sa w bezwen an)**
4. Chwazi **In Cart (Checkout) (nan panye a)**
5. Chwazi **Finish** pou w enskri

6. Lè ou pare pou kòmanse, chwazi tit kou a nan tablodbò ou, apre sa , chwazi premye modil la.

#### **K. Kijan pou mwen enskri nan yon kou enstriktè-dirije?**

Men ki jan pou enskri nan fòmasyon enstriktè-dirije (kou enstriktè-dirije yo pral gen yon ikòn kalandriye anwo tit kou a):

1. Louvri **Katalòg Kou** a nan StrongStart apati de meni navigasyon gòch la
2. Chwazi tit kou ou vle pran an
3. Defile desann epi seleksyone **Click here to view the \_\_ available date(s)**
4. Chwazi **Enskri pou Evènman Pwograme sa a**
5. Chwazi **In Cart (Checkout)**
6. Chwazi **Finish**

#### **K. Kisa yon Nimewo Rejis Kalifikasyon Pwofesyonèl la (PQR) ye?**

Yon nimewo PQR se nimewo idantifikasyon inik ou te resevwa apre ou te enskri nan Rejis Kalifikasyon Pwofesyonèl EEC a. Enskripsyon PQR obligatwa pou tout anplwaye pwogram lan chak ane.

#### **K. Kijan pou mwen jwenn nimewo PQR mwen an?**

Itilizatè yo ka konekte nan Enskripsyon Single EEC a nan

[https://www.eec.state.ma.us/SSI\\_V2/ProfileSetup/LoginUN.aspx](https://www.eec.state.ma.us/SSI_V2/ProfileSetup/LoginUN.aspx) epi klike sou aplikasyon « Professional Qualifications Registry » (Rejis Kalifikasyon Pwofesyonèl). Nimewo PQR la ki nan lis akote non w nan kwen anwo agòch la.

Si li sitiye nan yon pwogram ki baze sou sant, direktè a ta dwe gen fèy rezime PQR la nan dosye a.

Ou ka wè yon brèf videyo titoryèl nan <https://360.articulate.com/review/content/5c4329ac-3455-450e-88f4-b6f606dd65c6/review>

Si ou pa ka jwenn nimewo PQR ou, tanpri rele sant kontak la nan 617-988-6600.

#### **K. Mwen gen plis pase yon nimewo PQR. Kiyès mwen ta dwe itilize?**

Anplwaye yo pa ta dwe gen plis pase yon nimewo PQR oswa yon sèl kont otantifikasyon. Si yon itilizatè gen plis pase yon kont, tanpri mete yon tikè pou biwo èd la nan <https://massgov.service-now.com/eec>.

#### **K. Èske mwen toujou bezwen kenbe PQR mwen aktif?**

Wi. Tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo dwe enskri nan PQR a epi kontinye kenbe PQR yo nan yon estati « aktif ».

#### **K. Èske gen son/odyo nan kou a pwòp ritm mwen yo?**

Wi. Ou pral bezwen espikè ou oswa kas ekoutè pou koute narasyon an.

#### **K. Mwen bliye login/username (non itilizatè SSPDS mwen an). Kijan mwen ka antre nan sistèm lan?**

Nan paj login lan, gen lyen pou pèmèt itilizatè yo refè non itilizatè yo ak risèt modpas yo.

Pwosesis sa yo sèvi ak adrès imèl yo te bay lè yo te kreye kont StrongStart la. Si w pa gen aksè a adrès imèl sa a ankò, tanpri kontakte StrongStart Support:

[StrongStartPDS@mass.gov](mailto:StrongStartPDS@mass.gov)

Asire w ou bay non ou, dat nesans ou, ak # PQR epi endike nouvo adrès imel ou ta renmen asosye ak kont ou a.

### **TANPRI PA KREYE YON NOUVO KONT!**

#### **K. Ki diferans ki genyen ant My Dashboard (Tablodò mwen an) ak Course Catalog (Katalòg Kou a)?**

Yon fwa ou konekte nan sistèm lan, ou pral ateri sou **My Dashboard**.

Paj sa a montre fòmasyon w ap enskri ladann kounye a epi li bay aksè a Istwa Aprantisaj ou, Bibliyotèk Videyo a, Dokiman Referans Pwofil ou ak StrongStart.

Ou toujou gen opsyon pou retounen nan **My Dashboard**, lè w itilize lyen ki nan meni bò gòch la.

**Course Catalog** la montre tout fòmasyon EEC ofri kounye a atravè LMS la. Katalòg la fonksyone tankou yon sit komès elektwonik, kote ou ka fè rechèch kou, li deskripsyon yo ak objektif yo, epi enskri tèt ou.

#### **K. Èske mwen ka pran modil fòmasyon EEC Essentials sou telefòn mwen oswa tablèt mwen?**

Wi, SSPDS la konpatib ak aparèy mobil android ak iOS (Smart Phone, iPad, oswa Tablet) ansanm ak òdinatè Desktop ak laptop.

Tout sa ou bezwen se yon koneksyon ki estab nan entènèt la ak yon vèsyon ajou yon navigatè entènèt ki souvan itilize. Navigatè ki sipòte yo gen ladan Microsoft Edge, Chrome, Firefox, ak Safari.

#### **K. Kijan pou mwen enprime yon sètifika apre mwen fin swiv pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la?**

LMS la pral prezante w opsyon pou w wè ak enprime yon sètifika achèyman apre w fin swiv pake fòmasyon an.

Lè ou fini kou a ak sòti, ou pral wè mesaj sa a:

**Konpliman! Ou swiv tout seksyon obligatwa nan kou sa a.**

Ou pral wè tou yon lyen sou dwa pou **View Certificate (wè Sètifika a)**.

Klike sou lyen an epi klike sou "View as PDF" nan tèt pwochen fenèt pop-up la. Apre kèk segond, imaj konplè sètifika w la ap parèt nan yon nouvo fenèt. Klike sou Ikòn Enprime a nan kwen anwo adwat la. Si w ap itilize yon iPhone oswa iPad, klike sou ikòn "share" pou sovgade, voye oswa enprime.

#### **K. Èske chak modil gen pwòp sètifika li?**

Non. Ou dwe ranpli tout modil kou yo nan pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 a.

#### **K. Èske mwen ka enprime sètifika mwen pita oswa reenprime sètifika mwen?**

Wi, sètifika achèyman yo disponib pou wè ak enprime nan **Istwa Aprantisaj** ou. Men ki jan:

- Konekte nan LMS la
- Klike sou **Learning History (Istwa Aprantisaj)** nan meni bò gòch la
- Jwenn kou a nan lis kou ki fini yo
- Klike sou "click to **View Certificate**
- Klike tou pre tèt paj la pou **View as PDF (wè kòm PDF)**

*Etap espesifik pou enprime yo pral varye selon sistèm w ap itilize a.*

[Click here for additional information \(Klike la a pou plis enfòmasyon\).](#)

### **K. Mwen enskri nan move fòmasyon nan SSPDS la. Èske li posib pou kite yon fòmasyon apre w fin enskri?**

Wi, li posib pou kite yon kou nan **My Dashboard**. Klike sou tit kou a nan tablodò ou pou jwenn aksè nan paj detay kontni an kòm si ou ta pral lanse kou a. Apre sa, klike sou lyen Wouj **Drop this Course (kite kou sa a)** nan kwen anwo adwat la.

Lè w klike sou lyen sa a, w ap jwenn mesaj sa a: « Dropping this cannot be undone and will be reflected on your student record. (Kite sa a pa ka defèt epi li pral reflete sou dosye w kòm elèv). Are you sure you want to drop this course? (Èske ou sèten ou vle kite kou sa a?) » Klike sou OK.

### **K. Èske mwen ka retounen pou revize yon modil fòmasyon mwen deja fini?**

Wi, ou ka retounen pou revize yon modil fòmasyon ou te fini. Men ki jan:

- Ale nan **Learning History (Istwa Aprantisaj)** (klike sou lyen ki nan meni gòch la)
- Defile lis ou a jiskaske w rive nan kou ou vle relouvri a
- Klike sou tit kou a
- Sa a mennen ou nan paj la kote kou a te premye lanse a
- Klike sou tit Modil ou vle revize a

**Remake byen revize yon kou pa pral lakòz yon nouvo sètifika.**

## **Fòmasyon – Patisipan Obligatwa yo**

### **K. Poukisa mwen bezwen pran nouvo fòmasyon sa yo?**

Fòmasyon sa yo se yon egzijans federal The Child Care and Development Block Grant of 2014 (oswa CCDBG), prensipal sous federal finansman pou timoun piti. Objektif yo se sipòte edikatè timoun piti nan domèn kontni kle pou pwoteje sante ak sekirite yon timoun pandan li nan swen.

### **K. Mwen te pran pake fòmasyon orijinal EEC Essentials 12-kou a. Èske mwen bezwen pran pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la?**

Wi.

### **K. Ki fòmasyon mwen bezwen pran?**

- **Chofè yo** bezwen pran «Transporting Children (Transpòte Timoun) », yon modil fòmasyon yon sèl èdtan.
- **Tout Anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo** epi ki konte nan rasyo a (rapò) bezwen ranpli nouvo kou *EEC Essentials 2.0* a.
- Gen de pakè EEC Essentials 2.0. Anplwaye yo pral enskri epi swiv pake ki aplikab la selon tip pwogram yo a.

- Tout anplwaye ki konsène nan pwogram timoun piti yo (**swen timoun ki baze nan sant ak nan fanmi**) pral enskri epi swiv pake 13 kou ki make « EEC Essentials for Early Childhood 2.0 ». *Pake sa a ta dwe pran apeprè 12 èdtan.*
- Tout anplwaye **Afterschool and Out-of-School (ASOST)** (apre lekòl ak lè andeyò lekòl) ki pral enskri epi swiv pake 11 kou ki make pwogram « EEC Essentials for ASOST 2.0 ». *Pake sa a ta dwe pran apeprè 10 èdtan.*

#### **K. Èske Administratè Pwogram yo bezwen pran fòmasyon an?**

Wi.

#### **K. Èske ranplasan ki travay detanzantan (epi yo konte nan rasyo a lè yo travay) bezwen pran fòmasyon an?**

Wi. Tout anplwaye ki konte nan rasyo (rapò) a dwe pran fòmasyon an.

#### **K. Èske volontè yo bezwen pran fòmasyon an?**

Volontè ki konte nan rasyo a dwe pran fòmasyon an.

#### **K. Èske monitè otobis yo (pa chofè yo) bezwen pran kou Transpò a?**

Wi.

#### **K. Chofè yo pa gen yon nimewo PQR. Kisa yo ta dwe itilize nan plas nimewo PQR pou enskripsyon an?**

Chofè yo ka itilize kòd « 1111 » nan plas nimewo PQR la lè y ap enskri nan SSPDS la.

#### **K. Èske moun ki gen Lisans pou Swen Timoun nan Fanmi yo (FCC) bezwen pran fòmasyon an?**

Wi, paske tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo bezwen swiv nouvo kou *EEC Essentials* la.

#### **K. Èske Asistan FCC sètifye ak Asistan Regilye bezwen pran fòmasyon an?**

Wi, paske tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo bezwen swiv nouvo kou *EEC Essentials* la.

#### **K. Èske anplwaye Sistèm FCC a bezwen pran fòmasyon an?**

Non, anplwaye Sistèm FCC (Vizitè Kay, anplwaye sipò PD/QRIS, elatriye) pa bezwen pran fòmasyon an. Sepandan, li trè rekòmande pou yo pran fòmasyon an pou yo ka sipòte edikatè FCC yo.

#### **K. Nan Head Start, kote gen sèvis fanmi ak anplwaye sipò tou, èske yo tout bezwen pran fòmasyon an, oswa jis depatman edikasyon an?**

Dapre politik la, nenpòt moun ki travay dirèkteman ak timoun ak administratè pwogram yo dwe pran fòmasyon an.

#### **K. Èske nouvo anplwaye yo ka kòmanse travay nan yon pwogram anvan yo fini kou *EEC Essentials 2.0* a?**

Tout anplwaye yo oblije swiv pake kou *EEC Essentials 2.0* ki apwopriye pou kalite pwogram yo anvan yo travay ak timoun nan yon pwogram.

Pou founisè ak asistan Swen Timoun nan Fanmi yo, pake fòmasyon *EEC Essential 2.0* a dwe swiv anvan lisans lan. Anplis de sa, sètifikasyon fòmasyon aktyèl nan CPR ak premye swen obligatwa tou anvan lisans lan.

## K. Ki dat anplwaye yo bezwen ranpli EEC Essentials 2.0 a?

Tout anplwaye yo oblije swiv pake kou EEC Essentials 2.0 la rive 30 jen 2025.

## Kesyon sou Politik Fòmasyon an

### K. Ki kote politik la ye?

Ou ka jwenn politik fòmasyon an sou sit entènèt EEC a nan <https://www.mass.gov/SSPDS>.

### K. E si mwen te pran yon kou EEC apwouve sou nenpòt nan sijè sa yo deja oswa mwen te pran orijinal EEC Essentials yo?

**Tout anplwaye k ap travay dirèkteman ak timoun yo** bezwen swiv kou *EEC Essentials 2.0* a rive 30 jen 2025. Sa a gen ladan anplwaye ki ka te pran fòmasyon sou youn oswa plis nan sijè sa yo nan tan lontan. Sa yo se egzijans Gouvènman Federal la.

### K. Èske gen yon egzijans pou pran fòmasyon EEC Essentials chak ane?

Pral gen yon pake fòmasyon ki pi kout ki rele Resiklaj EEC Essentials ki pral nesèsè chak ane. EEC prevwa yo pral disponib nan mwa avril 2025 sou Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart la.

### K. Mwen pa travay ak tibebe. OSWA mwen travay nan yon pwogram ki sèvi timoun piti, men mwen pa travay nan yon salklas timoun piti. Èske mwen bezwen pran « Pratik Dòm San Danje pou Tibebe » ak « Sendwòm Tibebe ki Sekwe »?

**Tout anplwaye** nan pwogram timoun piti ki baze nan sant yo oswa FCC dwe swiv tout modil fòmasyon *EEC Essentials 2.0* yo, tankou « Pratik Dòm San Danje pou Tibebe » ak « Sendwòm Tibebe ki Sekwe ». Anplwaye nan pwogram ASOST yo pral swiv EEC Essentials 2.0 pou pwogram ASOST yo, ki pa gen ladan 2 kou ki konsantre sou tibebe yo.

### K. Èske modil fòmasyon *EEC Essentials 2.0* yo ranplase ansyen fòmasyon reglemantè EEC yo?

Wi, Plizyè nan modil fòmasyon *EEC Essentials 2.0* yo ranplase òf ansyen fòmasyon EEC nan domèn sa a. Yo gen ladan yo:

- Nitrisyon ak Etoufman;
- Pratik Dòm San Danje;
- Gade Anvan ou Fèmen;
- Fòmasyon Transpò Chofè yo
- Administrasyon Medikaman.

### K. Èske fòmasyon an konte nan kad egzijans èdtan fòmasyon pou jwenn lisans EEC a?

Wi, fini pake fòmasyon *EEC Essentials 2.0* atravè LMS EEC a pral konte nan kad èdtan devlopman pwofesyonèl ki nesèsè chak ane premye fwa yo pran li.

### K. Èske nenpòt nan fòmasyon yo ka konte nan kad egzijans fòmasyon pou jwenn lisans EEC pou divès elèv k ap aprann yo?

Non, okenn nan fòmasyon sa yo pa konte nan kad egzijans fòmasyon pou lisans EEC lakay divès moun k ap aprann.

### **K. Si nou siyen kontra ak yon konpayi otobis deyò ki responsab pou asire chofè otobis yo fè fòmasyon transpò a?**

Pwogram nan responsab pou asire transpò kontraktiyèl swiv fòmasyon an.

### **K. Chofè nou genyen an soti nan sistèm lekòl piblik la pou yon timoun ki resevwa sèvis. Èske nou bezwen fè li pran modil transpò a? E si konpayi otobis la pa konfòme l'?**

Modil transpò a dwe swiv pa tout kontraktè pou transpò nan non pwogram nan. Byenke EEC pa gen sipèvizyon dirèk sou konpayi transpò yo, si yo pa konfòme yo, EEC ka pran mezi kont pwogram nan.

## **Kesyon sou Kontni Fòmasyon**

### **K. Ki sijè fòmasyon ki enkli nan Kou *Esansyèl EEC* a?**

Kou *EEC Essentials* la gen ladan yon modil sou chak nan sijè sa yo:

- Pwoteje Timoun yo kont Abi ak Neglijans (Fòmasyon Rapòtè Obligatwa),
- Repons pou Ijans,
- Entwodiksyon nan Premye Swen ak CPR,
- Sekirite Alimantè,
- Materyèl Danjere,
- Prevansyon ak Kontwòl Maladi Enfektye yo,
- Entwodiksyon nan Kwasans ak Devlopman Timoun,
- Administrasyon Medikaman,
- Prevansyon Disparisyon Timoun,
- Transpò Timoun yo San Danje,
- Sekirite nan Lokal Fizik yo,
- Pratik Dòmni San Danje, ak
- Sendwom Timoun ki Sekwe.

***Remake byen edikatè ASOST yo pa pral bezwen pran de dènye fòmasyon ki konsantre sou tibebe nan pake yo a.***

### **K. Konbyen tan chak modil fòmasyon *EEC Essentials* pran pou acheve?**

Vèsyon pou edikatè nan pwogram sant ak FCC yo ta dwe pran apeprè 12 èdtan. Vèsyon pou edikatè nan pwogram ASOST yo ta dwe pran apeprè 10 èdtan. Tan reyèl achèvmman depann de konbyen tan elèv la konsakre pou revize resous ki disponib yo nan kad modil la.

### **K. Mwen te swiv modil sou entènèt Devlopman Timoun nan LMS la; èske sa ap sètifye m antanke pwofesè?**

Non, kou Kwasans ak Devlopman Timoun pwofesè yo oblije swiv pou sètifikasyon an se yon kou nivo kotèj nan 3 kredi oswa plis.

### **K. Èske sa ranplase fòmasyon obligatwa 51A a?**

Wi.

#### **K. Èske li ranplase renouvèlman CPR ki obligatwa yon fwa pa ane menm si li sètifye pandan de ane?**

Non. Pa te gen okenn chanjman nan aktyèl CPR ak egzijans sètifikasyon pou 1<sup>YE</sup> Swen an.

#### **K. Èske fòmasyon an « Premye Swen ak Apèsi sou CPR la » diferan de jwenn yon Sètifikasyon Premye Swen oswa CPR?**

Wi, « Premye Swen ak Apèsi sou CPR la » se yon nouvo fòmasyon federalman obligatwa ki bay yon apèsi sou sijè a men ki pa pèmèt sètifikasyon. Egzijans reglemantè EEC yo konsènan CPR ak sètifikasyon Premye Swen an pa chanje. Sètifikasyon Premye Swen ak CPR yo dwe toujou ranpli an pèsòn epi selon delè ki obligatwa pou lisans lan.

### **Siveyans ak Konfòmite**

#### **K. Kijan EEC pral kontwole konfòmite mwen ak achèyman fòmasyon sa yo?**

Direktè Pwogram nan (yo)/Lisansye FCC yo dwe kenbe yon dosye pèsònèl pou chak manm pèsònèl pwogram nan/Asistan FCC ki montre prèv pou swiv pake fòmasyon obligatwa a. Apati 1ye jiyè 2025, anplwaye ki responsab pou bay lisans EEC yo pral kòmanse kontwole pou detèmine si egzijans fòmasyon *EEC Essentials 2.0* yo te respekte.

#### **K. Kijan pou mwen pwouve mwen te pran kou yo?**

Lè w fin swiv kou *EEC Essentials 2.0* a, tanpri enprime sètifika w la epi soumèt sètifika enprime a bay administratè oswa direktè pwogram ou an, ki bezwen ajoute sètifika w la nan dosye pwogram/pèsònèl yo, pou rezon kontwòl.

#### **K. Èske nou toujou bezwen anrejistre fòmasyon sa yo nan pòtal PQR pou chak anplwaye oswa èske de pòtal yo kominike youn ak lòt?**

Fòmasyon sa a pa bezwen nan Rejis Kalifikasyon Pwofesyonèl (PQR). Fòmasyon an pral pran sou transkripsyon SSPDS chak moun (ki disponib nan istwa aprantisaj yo).

#### **K. Si anplwaye yo pa ranpli kondisyon fòmasyon *EEC Essentials 2.0* yo rive 30 jen 2025, kisa sa vle di pou pwogram nou an?**

Apati 1ye jiyè 2025, anplwaye ki responsab pou bay lisans EEC yo pral kòmanse fè siveyans pou asire egzijans Fòmasyon *ECC Essentials 2.0* ak fòmasyon Resiklaj *EEC Essentials 2.0* a te fèt yon ane apre. Lè yon pwogram pa asire l chak manm pèsònèl/asistan pwogram k ap travay dirèkteman ak timoun yo epi konte nan rasyo (rapò) anplwaye-timoun nan te swiv pake fòmasyon an, sa ka lakòz pwoosè vèbal non-konfòmite.